



# Kesyon yo Poze pi Souvan

Resous pou Paran ak Responsab Legal yo



## 5 Bagay Prensipal Ou Ta Dwe Konnen

1. Tout fanmi ki gen elèv nan klas jadendanfan oswa premye ane ki enskri nan yon lekòl piblik nan Vil New York (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo), elijib pou patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Kolèj (Save for College Program), kèlkeswa revni oswa sitiyasyon imigrasyon yo.
2. Si l elijib, pitit ou a ap **enskri otomatikman** nan Pwogram nan, sof si w ta chwazi pa patisipe.
3. Lè w fin enskri, w ap resevwa yon Twous Byenvini ki gen enfòmasyon sou fason pou aktive Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis ou a ki gen yon premye depo \$100 sou non pitit ou a ke NYC Kids RISE depoze pou li.
4. Lè w fin aktive Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou ka pase lòt etap fondamantal yo — yo rele yo Blòk Konstriksyon — pou w resevwa rekonpans adisyonèl.
5. Lajan ki nan Kont Bousdetid NYC yo ka sèvi pou yon varyete depans pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl.

## 1. Kisa Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la ye?

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib pou tout elèv lekòl piblik Vil New York yo — kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.

Atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, tout elèv nan klas jadendanfan ki enskri nan yon lekòl piblik Vil New York (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) otomatikman resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) avèk yon alokasyon inisyèl \$100 sou non yo, eksepte si paran oswa reprezantan legal yo retire kò yo (“opt out”) nan Pwogram nan. Fanmi yo ka resevwa finansman adisyonèl pou bousdetid sou kont sa a kòm rekonpans. Kominote yo ka kontribiye tou ak lajan adisyonèl ke y ap mete sou yon gwoup Kont Bousdetid NYC pou demontre kominote yo ap sipòte reysisit chak timoun.

Lajan ki alwe sou Kont Bousdetid NYC yo investi nan yon kont nan New York’s 529 College Savings Program *Direct Plan* ke NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif fè pwofi, posede epi ap jere sou non elèv k ap patisipe yo. Paran ak responsab legal yo paka fè depo ni tiraj sou Kont Bousdetid NYC yo, elèv k ap patisipe a ka itilize yo sèlman pou depans pou edikasyon siperyè ki kalifye yo. Si yon elèv nan Pwogram nan pa reklame lajan ki sou Kont Bousdetid NYC li a nan yon limit 20 lane apre li fini jadendanfan, lajan sa a ap retounen al jwenn NYC Kids RISE pou li sipòte fiti elèv Pwogram Ekonomize pou Inivèsite yo.

Sepandan, antanke paran oswa responsab legal yon elèv k ap patisipe, ou ka louvri epi/oswa konekte yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke w posede pou avantaj pitit ou a atravè Pwogram nan. Apresa, ou ka kòmanse ekonomize nan fason ak montan ki fè sans pou sitiyasyon finans ou.

Globalman, Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pèmèt paran ak responsab legal yo, manm fanmi yo, zanmi yo, lekòl yo, kominote yo, biznis yo ak gouvènman an travay ansanm pou kreye aktif epi sipòte siksè edikatif ak ekonomik yo espere pou tout timoun.

## 2. Kiyès ki elijib pou patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

Apati ane lekòl 2022-2023, tout elèv nan klas jadendanfan ak premye ane ki enskri nan yon lekòl piblik Vil New York (ki gen ladan yo lekòl endepandan [charter schools] k ap patisipe yo) ka patisipe — kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.

Paske pwogram nan te administre nan Lekòl ki nan rejyon Distri 30 yo (geographic School District 30) apati lane 2017, tout elèv soti nan klas jadendanfan rive nan klas senkyèm ane ki nan 39 lekòl pilòt yo elijib pou patisipe.

Elèv ki elijib yo dwe frekante yon lekòl ki fè pati pwogram nan pandan omwen 60 jou pou yo ka enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

## 3. Kijan pou mwen patisipe?

Si pitit ou a elijib, li fasil pou w kòmanse avèk Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a! Men kijan:

- **Jis pa fè anyen** lè w resevwa notifikasyon nan men lekòl pitit ou a ke pwosesis pou pa patisipe a kòmanse (w ap resevwa enfòmasyon sou pwosesis pou pa patisipe a nan moman sa).
- Apre pwosesis pou pa patisipe a fini, pitit ou a ap enskri otomatikman nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a epi NYC Kids RISE ap kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) epi alwe yon montan inisyèl \$100 sou non pitit ou a.
- W ap resevwa yon **Kit Byenvini** ki gen enfòmasyon ak enstriksyon adisyonèl ke NYC Kids RISE ap voye ba ou. Si w pa chwazi pou pa patisipe pandan sezon otòn nan, ou ta dwe kapab aktive kont pitit ou a nan kòmansman nouvo ane a. (Espas tan kote w ka aktive kont pitit ou a ka varye si w enskri nan yon dat ki pi ta.)
- Apre ou fin resevwa Kit Byenvini w lan, anrejistre sou platfòm sou entènèt la, Siveyans Epay (Savings Tracker) (yon pòtay sou entènèt kote paran/responsab legal yo ka wè Kont Bousdetid NYC pitit yo a) pou **aktive** Kont Bousdetid NYC pitit ou a epi kontwole

lofiramezi. W ap resevwa enfòmasyon tou sou fason pou w franchi etap fondamantal yo nan pwogram nan.

## 4. Kijan pati “bousdetid” la nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a fonksyone?

Yon fwa pitit ou a fin enskri nan Pwogram nan, NYC Kids RISE ap kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) epi depoze otomatikman \$100 pou edikasyon fiti pitit ou a. Apre yon tan, NYC Kids RISE pral ofri opòtinite pou fanmi w jwenn plis lajan pou Kont Bousdetid NYC pitit ou a. Òganizasyon kominotè yo, biznis yo ak lòt antite kapab fè depo sou kont bousdetid yo pou ede pitit ou a atenn objektif inivèsite ak karyè li.

NYC Kids RISE, yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi, posede epi jere lajan bousdetid yo sou non elèv ki patisipe yo epi li investi lajan sa yo nan NY 529 *Direct Plan*, yon tip kont investisman ki fèt espesyalman pou ede ekonomize pou edikasyon siperyè. Kont Bousdetid NYC yo ka genyen oswa pèdi lajan ofiramezi tan ap pase, selon mache finansye yo ak randman investisman an.

Si w se paran oswa responsab legal yon timoun ki elijib, toutotan ou pa chwazi retire kò w nan pwogram nan, NYC Kids RISE ap kreye epi depoze lajan sou Kont Bousdetid NYC sa a sou non pitit ou a. W ap resevwa yon Kit Byenvini ke NYC Kids RISE voye ba ou lè Kont Bousdetid NYC pitit ou a kreye. Pou aktive epi afiche lajan bousdetid ki depoze sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a tanzantan:

- Ou **PAP** gen pou w depoze lajan
- Ou **PAP** gen pou w bay Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) ou, Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ou, enfòmasyon kont labank ou ni kat kredi w.
- Ou **PAP** gen pou w bay enfòmasyon ekonomik ou ni enfòmasyon sou estati imigrasyon w
- **PA** gen revni maksimòm ni minimòm pou patisipe

## 5. Kijan pati “ekonomize” a nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a fonksyone?

Apre pitit ou a fin resevwa Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) li a, w ap resevwa plis enfòmasyon sou fason pou w kreye yon plan pou ekonomize pou inivèsite ak karyè ki bon pou ou ak pou fanmi w. Pou w ogmante lajan ki investi sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a, ou ka louvri epi/oswa konekte yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke w posede nan avantaj pitit ou a atravè Pwogram nan. Ou ka chwazi tou pou w louvri epi/oswa konekte yon kont nan Pwogram NY ABLE Savings (NY ABLE Savings Program) nan, toutotan elèv k ap patisipe a elijib pou tip kont sa a.<sup>1</sup>

Kontrèman ak Kont Bousdetid NYC a kote se NYC Kids RISE ki posede l epi jere l pou edikasyon fiti pitit ou a, se fanmi ou ki posede kont ke ou konekte a. Ou menm, manm fanmi w ak zanmi w ka kontribye dirèkteman sou kont sa a. Toudepan de ki tip kont depay ou chwazi a, fanmi w ka swiv pwòp balans kont depay ou a ansanm avèk Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou

---

<sup>1</sup> Ke Iwa 2014 Stephen Beck, Jr. a sou Amelyorasyon Eksperyans Lavi (*Achieving a Better Life Experience, ABLE*) otorize, kont ABLE yo se enstriman epay ki bay avantaj fiskal ki pèmèt moun ki andikape yo fè ekonomi pou depans ki lye ak andikap yo a, san risk pou yo pèdi avantaj yo nan men pwogram asistans tankou Revni Sekirite Konplemantè (*Supplemental Security Income, SSI*) ak Medicaid (*gen restriksyon ki aplikab*).

Montan ki nan Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) an rete sou yon kont 529 nan New York's 529 College Savings Program, olye de yon kont nan Pwogram NY ABLE. Kidonk, nan moman distribisyon an, montan ki nan kont sa a ka konsidere tankou yon aktif nan sa ki konsène tout avantaj ki baze sou bezwen ke Pworiyètè Kont NY ABLE la resevwa.

entènèt, atravè Siveyans Epay (Savings Tracker) (yon pòtay sou entènèt kote paran/responsab legal yo ka wè Kont Bousdetid NYC pitit yo a) NYC Kids RISE la.

Jwenn enfòmasyon sou opsyon kont depay ou a lè w vizite [nyckidsrise.org/options](https://nyckidsrise.org/options), patisipe nan yon atelye travay vityèl NYC Kids RISE, rele liy telefòn nou an nan 833-KID-RISE (833-543-7473), voye imèl bannou nan adrès [info@nyckidsrise.org](mailto:info@nyckidsrise.org), pran yon randevou pou pale ak yon reprezantan NYC Kids RISE, oswa ale nan yon randevou pou konsèy sou finans gratis nan yon Sant Ranfòsman Finans Vil New York (NYC Financial Empowerment Center).

## 6. Kisa yo ka fè ak lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a? Èske gen restriksyon sou fason yo ka itilize l? E si pitit mwen an pa ale nan inivèsite?

Lajan ki sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) a investi nan NY 529 *Direct Plan* epi li ka sèvi pou yon varyete depans pou edikasyon siperyè. Menm lè yo rele kont 529 la yon kont depay pou inivèsite, kont lan ka sèvi pou peye pou depans pou edikasyon siperyè ki kalifye nan nenpòt enstitisyon ki elijib nan peyi Etazini oswa nan lòt peyi. Anplis inivèsite 4 lane tradisyonèl yo, gen lòt tip enstitisyon ki elijib ki gen ladan yo inivèsite kominotè, lekòl pwofesyonèl ak komèsyal, pwogram aprantisaj ki elijib, ak pwogram diplòm sou entènèt. Lajan bousdetid la ka sèvi pou frè eskolarite, pèman, ekipman, depans pou chanm ak pansyon, e menm pou liv, ke souvan lòt bousdetid yo pa kouvri. Vizite [nysaves.org](https://nysaves.org) pou yon lis konplè depans pou edikasyon siperyè ki kalifye.

Si yon elèv nan Pwogram nan pa reklame lajan ki sou Kont Bousdetid NYC li a nan yon limit 20 lane apre li fini jadendanfan, lajan sa a ap retounen al jwenn NYC Kids RISE pou l sipòte fiti elèv Pwogram Ekonomize pou Inivèsite yo.

Yo paka itilize lajan ki sou Kont Bousdetid NYC a pou okenn depans klas jadendanfan jiska klas 12yèm ane, menm sa ki kalifye selon lwa federal la.

Tanpri note ke NYC Kids RISE ap chèche mwayen

pou pèmèt transfere fon ki nan yon Kont Bousdetid NYC ale nan yon kont NY ABLE pou elèv ki gen andikap nan moman distribisyon an.

## 7. Si mwen pa chwazi pou m pa patisipe, ki enfòmasyon NYC Kids RISE resevwa sou mwen ak pitit mwen pou enskri pitit mwen nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

NYC Kids RISE resevwa enfòmasyon sa yo nan men Depatman Edikasyon Vil New York (NYC Department of Education) pou tout elèv ki patisipe:

- Nimewo idantifikasyon pou elèv ak paran ki inik pou Pwogram lan;
- Non konplè elèv la;
- Dat elèv la fèt la;
- Adrès kay elèv la;
- Si adrès kay elèv la chanje;
- Nimewo telefòn kay elèv la;
- Non lekòl elèv la;
- Nivo klas aktyèl elèv la;
- Lang yo pale a (yo) kay elèv la;
- Transfè ki fèt nan lòt lekòl, si sa fèt, andedan ak deyò sistèm eskolè bibliik Vil New York la.

NYC Kids RISE resevwa enfòmasyon sa yo tou pou jiska de(2) paran oswa responsab legal pou chak elèv k ap patisipe:

- Non konplè paran oswa reprezantan legal la;
- Adrès imèl paran oswa reprezantan legal la;
- Nimewo selilè ak/oswa lòt nimewo telefòn paran/responsab legal la.

Se menm enfòmasyon ke w soumèt sou "kat ble" ("blue card") la lè w enskri pitit ou lekòl. Done sa yo pèmèt NYC Kids RISE kreye yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pou tout timoun ki patisipe epi fè yon depo inisyal \$100 sou chak kont yo. NYC Kids RISE swiv direktiv estrik sou konfidansyalite pou tout enfòmasyon fanmi yo bay.

## 8. E si mwen pa vle patisipe?

Pou w fè lekòl ou a konnen ke w pa vle pitit ou a enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, ou dwe siyen epi retounen yon fòmilè pou pa patisipe (opt-out form) oswa ou dwe chwazi pou pa patisipe nan Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) ou a nan yon peryòd 30 jou. Lè w fè youn nan aksyon sa yo, sa vle di pitit ou a p ap resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account), ni investisman \$100 a, ni lajan alavni. Tanpri, al gade fòmilè pou pa patisipe (opt-out form) pitit ou a oswa vizite [schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/nyc-kids-rise-save-for-college-program](https://schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/nyc-kids-rise-save-for-college-program) pou detay espesifik.

## 9. Si m chwazi pa patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a kounye a, èske mwen ka enskri pitit mwen an yon lòt lè?

Wi, paran ak responsab legal ki pa t patisipe men ki chanje lide yo apre epi vle pitit yo patisipe ka enskri ankò apre. Fanmi yo gen jiska fen klas senkyèm ane pitit yo pou yo enskri ankò. Vizite [schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/nyc-kids-rise-save-for-college-program](https://schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/nyc-kids-rise-save-for-college-program) pou jwenn detay espesifik yo.

## 10. Èske mwen ka anile patisipasyon pitit mwen nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a apre delè Notifikasyon pou Pa Patisipe a?

Wi, ou ka anile patisipasyon pitit ou a apre ou fin enskri. Vizite [schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/nyc-kids-rise-save-for-college-program](https://schools.nyc.gov/learning/student-journey/college-and-career-planning/nyc-kids-rise-save-for-college-program) pou jwenn detay ak enstriksyon espesifik yo.

## 11. Kijan estati imigrasyon m afekte kapasite m pou m patisipe?

Li pa afekte !! Tout elèv ki elijib ka patisipe nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a kèlkeswa estati

imigrasyon yo.

Fanmi yo **pa** bezwen bay yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) pou pitit yo enskri nan pwogram nan epi resevwa yon Kont Bousdetid NYC. (NYC Scholarship Account)

Sepandan, lè w ap anvizaje si pou w louvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke w posede pou avantaj pitit ou a ekonomize ansanm avèk Kont Bousdetid NYC a, tanpri, sonje ke opsyon kont depay yo egzije swa yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (ITIN) pou w louvri l. Anplis, si w chwazi louvri epi konekte yon NY 529 *Direct Plan* oswa yon kont NY ABLE kòm opsyon kont depay ou, ou dwe yon sitwayen ameriken ke Sèvis Koleksyon Taks Entèn (Internal Revenue Service, IRS) apwouve oswa yon etranje ki gen rezidans avèk yon adrès valid kote w rete nan peyi Etazini. Si w pa gen enfòmasyon sa yo, sonje ke yon manm fanmi w oswa yon zanmi ou fè konfyans ka louvri yon kont NY 529 *Direct Plan* pou pitit ou.

Ou **pa** bezwen louvri pwòp kont ou pou pitit ou a ka resevwa Kont Bousdetid NYC gratis ke NYC Kids RISE kreye epi jere sou non pitit ou a.

## 12. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC sa afekte kalifikasyon pou benefis piblik yo?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi jere Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo, genyen yon kont bousdetid **pa** gen enpak sou aplikasyon yon elèv oswa fanmi l pou benefis piblik. Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè li, aktif sa a ka gen enpak sou yon seri avantaj. Pou plis enfòmasyon sou fason ke kontribiye sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè ka gen enpak sou avantaj ou yo, vizite [nyckidsrise.org/download-resources/#additional-materials](https://nyckidsrise.org/download-resources/#additional-materials) epi telechaje feyè "Pwogram Ekonomize pou Inivèsite ak Benefis Piblik" ("The Save for College Program and Public Benefits") la pou plis enfòmasyon.

### 13. Nan ki fason lè w genyen yon Kont Bousdetid NYC sa afekte kalifikasyon pou èd finansye?

Poutèt se NYC Kids RISE ki posede epi k ap jere Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) yo, si w genyen yon kont bousdetid sa pa gen enpak sou kalifikasyon yon elèv pou l resevwa èd finansye pandan lajan an sou kont la. NYC Kids RISE ap bay plis enfòmasyon lè pitit ou a ap apwoche pou l ale nan inivèsite sou fason itilizasyon lajan ki sou kont bousdetid la pou edikasyon pitit ou a ka afekte kalifikasyon l pou l resevwa èd finansye lè lajan an depanse. Ka gen enpak, ka pa genyen.

Si yon fanmi ekonomize lajan sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè li, ekonomi sa yo ka gen enpak sou pakè èd finansye elèv la. Pou plis enfòmasyon sou fason ke kontribiye sou pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè w ka gen enpak sou kalifikasyon elèv ou a pou resevwa èd finansye selon règ aktyèl sou èd finansye yo, vizite [nyckidsrise.org/download-resources/#additional-materials](https://nyckidsrise.org/download-resources/#additional-materials) epi telechaje feyè "Pwogram Ekonomize pou Inivèsite ak Enpak sou Fiti Èd Finansye" ("The Save for College Program and Impact on Future Financial Aid") pou plis enfòmasyon. Tanpri, sonje ke règ sou èd finansye sa yo chanje souvan mezi tan ap pase.

### 14. Èske bousdetid sa a pral entèdi pitit mwen an resevwa lòt bousdetid alavni?

Genyen yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pa ta dwe entèdi pitit ou resevwa lòt bousdetid alavni, byenke sa ka depannde kondisyon lòt bousdetid sa yo. Tanpri, analize kondisyon bousdetid sa yo.

### 15. Poukisa yo te kreye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a?

Li ka difisil pou ekonomize pou edikasyon fiti yon timoun. Pou anpil fanmi, voye pitit yo nan inivèsite ka parèt tankou yon bagay yo pa janm ka reyalize. NYC Kids RISE, nan patenarya avèk Vil New York la ak Depatman Edikasyon Vil New York, te kòmanse Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a pou ede fanmi yo kòmanse ekonomize epi planifye pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl depi premye jou lekòl pitit yo. Rechèch yo demontre ke timoun ki gen yon kont depay pou inivèsite ki gen ant \$1 ak \$500 gen twa fwa plis chans pou enskri nan inivèsite epi plis pase kat fwa plis chans pou yo gradye. Rechèch yo demontre tou ke timoun ki ale nan inivèsite touche yon salè ki lontan pi wo nan lavi yo epi yo gen mwens chans pou yo nan chomaj.

---

**JWENN PLIS ENFÒMASYON:** Pale ak lekòl pitit ou a oswa kontakte NYC Kids RISE nan 833-543-7473, [info@nyckidsrise.org](mailto:info@nyckidsrise.org) oswa vizite [nyckidsrise.org](https://nyckidsrise.org).

*NYC Kids RISE se yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi k ap travay ak Vil New York la e ak Depatman Edikasyon pou jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.*

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak pwogram epay ki jere pa NYC Kids RISE Inc., yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi, an patenarya avèk Depatman Edikasyon NYC ak Vil New York la. NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite envestisman ni founi konsèy sou envestisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC pa ofri okenn andòsman oswa rekòmasyon pou, ni yo pa kontwòle, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen envestisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

# NYC KIDS RISE™

[nyckidsrise.org](https://nyckidsrise.org)



[info@nyckidsrise.org](mailto:info@nyckidsrise.org)

833-543-7473

@nyckidsrise

